


La Bib pou ti moun prézanté



Elize, nonm mirak la



Ékri pa : Edward Hughes

Ilistré pa : Lazarus
Alastair Paterson

Adapté pa : Ruth Klassen

Tradwi pa : Ausky Salomon

Pwodwi pa : Bible for Children
www.M1914.org

©2025 Bible for Children, Inc.

Lisans : Ou gen dwa pou copyé o swa fè fotocopli istwa sa,
dépi sé pa pou van-n ou fè li.

Pa te genyen ase bèf pou rale
kabwat la. Yo te bezwen youn
ankò. Sa pa te dekouraje yon
jèn kiltivatè ki te rele Elize. Li
te senpleman mare tèt li ak bèf
yo. Li dwe te yon nonm
vanyan, epi ki te
konn travay di.





Pandan Elize t ap raboure tè a, Eli, pwofèt Bondye a, te vin bò kote l epi li te rele l. Jèn gason an te kite jaden li a pou l vin sèvitè Bondye. Yon jou, Bondye te anlve Eli nan syèl la nan yon toubiyon. Elize te vin pwofèt Bondye kounye a nan peyi Izrayèl.


3



Malgre Elize te tris dèske Eli te ale, li te priye Bondye pou l ba li menm pouvwa Eli te genyen an. Elize te pran manto Eli a epi li te frape dlo Jouden an menm jan Eli te fè a. Dlo a te fann !


Kounye a Elize te konnen Bondye te avèk li.

4



Pandan Elize t apral nan yon vil ki te rele Betèl, kèk ti gason t ap pase l nan betiz, yo t ap di : "Monte, tèt chòv !" Sa pa te gade yo menm si li te yon sèvitè Bondye. Yon bagay terib te rive yo. De lous te soti nan forè a epi yo te dechire karant-de nan timoun sa yo.


5



Yon jou, Elize te rankontre ak yon vèv ki pa te kapab peye kreditè li a.

Kreditè a te menase pou li pran de pitit gason vèv la kòm esklav. "Ale mande vwazen ou yo pou yo ba w kèk veso (vaz) vid," Elize te di li. Bondye te pral fè yon bèl bagay pou fanm sa a.

6



Vèv la te genyen yon ti veso luil lakay li sèlman. Men, avèk ti veso sa a, li te vide ase luil pou plen tout veso li te prete yo ! Si te gen benwa nan epòk sa a, petèt Bondye ta plen yo tou ? Vèv la te vann luil la epi li te sove pitit gason l yo.

7



Yon lòt fanm ak mari li te fè aranjman nan yon chanm lakay yo pou Elize rete lè l te vin vizite yo. Chanm nan te genyen yon kabann, yon tab, yon chèz ak yon chandèl. Chanm nan te rezève pou Elize.


8

Elize t ap mande tèt li kijan li ta kapab remèsye koup sa a. Lè li te aprann yo pa te genyen timoun, li te di fanm nan yon bagay ki difisil pou l kwè. "Ane pwochè nan menm epòk sa a, w ap anbrase yon pitit gason." Yon lane apre, tibebe a te fèt.



9


Kèk lane apre, menm timoun nan te nan jaden avèk papa li. "Tèt mwen! Tèt mwen!" Li te tonbe kriye. Yo te mennen li tounen bay manman l, ki te kenbe l sou janm li jouk rive midi, apre sa li te mouri. Manman an te mete timoun nan sou kabann nan nan chanm Elize a. Ki moun nou panse ki ta ka ede li ?



10


Elize ? Egzakteman ! Li te sele yon bourik epi li te ale tou dwat nan mòn nan pou l al jwenn li. Elize te retounen lakay li avè l, li te monte poukont li anlè a nan etaj la, epi li te priye Letènèl. Bondye te bay

timoun nan lavi ankò. Elize te rele fanm nan epi li te di l : "Pran pitit gason w lan !" Ala kontan li dwe te kontan !



11

Nan teritwa ki toupre a nan peyi Siri, te genyen yon kòmandan lame ki te rele Naaman. Li te brav ak fò, men li te gen yon terib maladi po : lèp.




12

Madanm Naaman te genyen yon ti fi esklav yo te kidnape an Izrayèl. Ti fi sa a te di : "Si Naaman te touprè pwofèt la nan Samari, pwofèt la ta geri l anba lèp li a."



13

Menm kote a Naaman te ale kote pwofèt la. Li te pote lajan, lò ak bèl rad kòm kado.




14




Sèvitè Elize a te soti, epi li di l : "Lave kò w sèt fwa nan rivyè Jouden an, epi w ap vin sen ankò." Naaman te fache anpil. Èske li pa te kapab benyen nan dlo pwòp ak fre nan peyi l, Siri ? Li te fache, li te vire do l ale.

15



Erezman pou Naaman, sèvitè li yo te konseye l pou l obeyi ak lòd Elize yo. Kidonk, Naaman te retounen epi li te plonje tèt li sèt fwa nan rivyè Jouden an. Epi Naaman, ki te genyen lèp la, te geri ! Apre sa, li te adore vrè Bondye a, Bondye Elize a, Letènèl, ki te geri l anba lèp la.

16




Bondye te itilize sèvitè l Elize menm apre li te fin mouri. Yon jou, yo te antere yon nonm nan yon tonm kote yo te antere Elize lontan sa. Lè kadav la te touche zo pwofèt la, nonm nan te resisite epi li te leve kanpe. Bondye te montre gwo pouvwa li genyen atravè fidèl sèvitè li a, Elize.

17

Elize, nonm mirak la
Yon istwa soti nan pawòl Bondyé-a, la Bib,
Nap jwen-n nan
2 Wa 2-13
"Pawòl Bondyé poté limyè."
Sòm 119 : 130

18



Fen

25



60

19

Istwa bibliik sa rakonté nou kòman ké gen yon mèvèyé Bondyé ki kréyé nou é ki vlé pou ou konnen Li tou.

Bondyé konnen ké nou fè mové aksyon ki rélé péché. Pinisyon pou péché sé lanmò. Sèlman Bondyé renmen nou si tèlman ké Li voyé sèl gren-n pitit Li-a Jézi, ki mouri sou lakwa pou nou, dékwa pou Li sa péyé dèt péché nou yo pou nou. Apré sa Jézi té résisité, é Li monté nan syèl la ! Ou men-m tou, si ou kwè nan Jézi é si ou mandé Li ak tout kè-w pou Li padoné péché ou yo, L'ap fè sa pou ou ! L'ap rantré nan lavi-w touswit é wap maché avèk Li pou tout tan.

Si ou kwè ké sa ou fèk sot tandé-a sé la vérité, résité priyé sa : "Sényè Jézi, mwen kwè ké ou sé pitit Bondyé, mwen kwè ké ou té mouri pou mwen épi ou résisité ankò. Tanpri, rantré nan lavi mwen, padoné péché mwen yo, pou mwen sa gen yon nouvo lavi kounyé-a la, konsa lè gran jou-a va rivé, m'a va abité avè-w nan rwayòm ou an pou l'éternité. Edé-m obéyi-w é édém viv pou ou an tan ké pitit ou. Amèn.

Li La Bib ou épi palé ak Bondyé chak jou ! Jan 3 : 16

20